



Division of Licensing Services

New York State
Department of State
Division of Licensing Services
P.O. Box 22001
Albany, NY 12201-2001
Sèvis Kliyantèl: (518) 474-4429
<https://dos.ny.gov>

Aplikasyon pou Vandè Byen Imobilye - Enstriksyon

**Pou sèvis rapid, aplike sou entènèt sou sitwèb:
www.dos.ny.gov**

Tanpri pran tan ou pou li enstriksyon yo avèk anpil atansyon anvan ou kòmanse ranpli fòm aplikasyon an. N ap retounen fòm ki pa fin ranpli yo, epi sa ap lakòz ou jwenn reta pou resevwa lisans ou. Si ou manke bay nenpòt enfòmasyon, si ou bay enfòmasyon ki pa egzat oswa si ou pa bay tout enfòmasyon yo nan yon aplikasyon, nou ka konsidere sa kòm rezon ki ase pou refize yon anrejistreman, oswa sa kapab lakòz nou sispann oswa anile yon lisans nou te ba ou deja.

Sa ki nan blòk dokiman sa a?

Dokiman sa a gen ladan tout enfòmasyon ak fòm w ap bezwen pou aplike pou lisans kòm yon Vandè Byen Imobilye nan Eta New York.

Yon aplikasyon ki ranpli ap gen ladan fòm aplikasyon an, frè aplikasyon \$65 dola ki pa ranbousab, ak dokiman apwopriye yo, jan sa aplikab.

Tanpri note: Si ou gen entansyon pou asosye ou avèk plis pase yon Koutye Byen Imobilye, ou dwe ranpli aplikasyon yo apa epi nou dwe resevwa frè pou chak asosyasyon, ak konsantman tout koutye ki esponsò ou yo anvan ou soumèt aplikasyon sa a. Si ou sispann asosyasyon an oswa si ou chanje asosyasyon an, koutye prensipal ou dwe fè tranzaksyon sa yo nan sèvis sou entènèt sou sitwèb www.dos.ny.gov.

Kisa yon Vandè Byen Imobilye ye?

Anba sipèvizyon yon koutye byen imobilye lisansye (avèk eksepsyon koutye asosye yo), yon vandè byen imobilye fasilite acha ak lavant pwopriyete pou kont kliyan yo, li jwenn lis pwopriyete ki pou lavant ki gen koutye yo anplwaye; li ede achte (kliyan yo) byen imobilye yo jwenn epi achte pwopriyete (ki endike nan lis ki gen koutye yo anplwaye oswa yon lòt koutye). Yon vandè byen imobilye asosye avèk yon koutye byen imobilye pou mete sou lis epi negosye lavant, lwaye, oswa lokasyon byen imobilye pou lòt moun ann echanj yon montan lajan konpansasyon, anba sipèvizyon ak konsèy yon koutye responsab. Yon vandè pa kapab opere poukont li.

Kimoun ki sipoze aplike pou yon Lisans Vandè Byen Imobilye?

Nenpòt moun k ap ajè kòm yon Vandè Byen Imobilye jan sa dekri anwo a gen obligasyon dapre lalwa pou gen yon lisans Vandè Byen Imobilye.

Kimoun ki pa kapab aplike pou yon lisans Vandè Byen Imobilye?

Yon moun pa kalifye pou ranpli fòm aplikasyon sa a si li se yon

manm patenarya, oswa si li se yon fonksyonè oswa si li posede aksyon avèk dwa pou li vote nan sosyete ki se koutye sipò a.

Ki kalifikasyon mwen bezwen pou resevwa lisans lan?

Pou aplike pou lisans lan, ou dwe:

- gen omwen laj 18 tan nan moman ou aplike a
- te pase yon klas ofisyèlman kalifye 75 èdtan Depatman Deta te apwouve. Si ou te patisipe na kou admisib vandè 45 èdtan an anvan 1ye jiyè 2008, ou ka patisipe nan kou ratrapaj 30 èdtan pou ou kapab kalifye pou lisans lan.
- jwenn sipò yon koutye byen imobilye lisansye
- pase egzamen vandè byen imobilye Eta New York

Kisa mwen dwe fè anvan mwen aplike pou lisans mwen?

Ou dwe patisipe nan yon klas 75 èdtan Eta New York apwouve epitou ou dwe pase yon egzamen ekri admisib Depatman an bay anvan ou aplike pou yon lisans pou travay kòm yon Vandè Byen Imobilye nan Eta sa a. Si ou te patisipe nan klas admisib vandè 45 èdtan an anvan 1ye jiyè 2008, ou ka patisipe nan kou ratrapaj 30 èdtan pou ou kapab kalifye pou lisans lan. Kòm prèv patisipasyon nan klas yo san pwoblèm, ou dwe fè kowòdonatè lekòl Depatman Deta apwouve a ranpli seksyon **Sètifika Lavant/Klas Ratrapaj** sou Lavant aplikasyon an oswa ou ka soumèt yon kopi sètifika patisipasyon ou nan kou a. Klas vandè 75 èdtan ak kou ratrapaj 30 èdtan an valid sèlman pou 8 ane apre dat ou fini ak klas a epi ou dwe itilize li pou jwenn yon lisans oswa li pral ekspire epi ou sipoze rebran li. Depi youn nan klas sa yo sèvi ofisyèlman pou reyisi jwenn yon lisans, yo pa pral ekspire epi ou ka itilize yo pou mizajou.

Kisa pou mwen fè si mwen te patisipe nan edikasyon deyò Eta New York?

Nou ka anile egzijans edikasyon sou byen imobilye pandan 75 èdtan an si ou kapab prezante dokiman pou yon edikasyon nivo ekivalan. Ou dwe soumèt dokiman ki endike anba la yo:

- Yon relvednòt ofisyèl yon kolèj oswa Inivèsite agreye ki endike patisipasyon ou san pwoblèm nan klas (yo) ou ta renmen pou nou konsidere a, oswa yon orijinal Sètifika Patipasyon nan yon lekòl byen imobilye ki akredite.
- Yon deskripsyon ofisyèl matyè a. Anjeneral, ou kapab jwenn sa nan yon katalòg lekòl la.

Voye dokiman sa yo, ansanm avèk yon lèt pou mande yon egzanpsyon nan egzijans pou edikasyon admisib ba:

Department of State
Division of Licensing Services
Bureau of Educational Standards
P.O. Box 22001
Albany, NY 12201-2001

Dapre règleman an, nou p ap apwouve klas ki endike anba la yo:

- Klas fòmasyon kontini
- Klas pa korespondans
- Paralegal

Lè nou apwouve edikasyon ou, w ap jwenn enfòmasyon yo sou fason pou enskri ak sou fason pou pwograme egzamen ou sou sitwèb nou nan <https://dos.ny.gov>.

Apre ou pase egzamen an, ou dwe soumèt fòm aplikasyon an, orijinal lèt egzansyon an ak chaj la. Ou dwe fè sa nan dezan apre dat ou te pase egzamen an.

Èske mwen kapab resevwa yon lisans Vandè Byen Imobilye malgre lisans mwen soti nan yon lòt Eta?

Yon moun ki aplike epi ki gen yon lisans Vandè Byen Imobilye nan yon lòt jiridiksyon **ki gen yon akò resipwòk avèk Eta New York** ka kalifye pou resevwa yon lisans Vandè Byen Imobilye nan Eta New York si moun nan satisfè sèten kritè.

Pou jwenn enfòmasyon sou Eta ki te ba w lisans ou an, ale sou sitwèb nou nan www.dos.ny.gov.

Ki egzijans ki genyen pou yon Moun ki Aplike pou Renouvèlman Lisans?

Nou p ap bay yon renouvèlman lisans sof si ou patisipe nan 22.5 èdtan fòmasyon kontini Depatman Deta apwouve nan peryòd dezan imedyatman anvan renouvèlman an. 22.5 èdtan yo dwe gen ladan omwen twa (3) èdtan enstriksyon ki konsène lojman san patipri ak/oswa diskriminasyon nan lavant oswa lokasyon byen imobilye oswa yon enterè nan byen imobilye epi omwen inèdtan enstriksyon ki gen pou wè ak ajans lalwa sof pou nan premye de (2) ane lisans pou yon vandè byen imobilye, de (2) èdtan enstriksyon ki gen pou wè a ajans dwe fèt.

Ki chaj pou mwen peye epitou ki kondisyon pou mwen resevwa lisans lan?

- \$65 — lisans pou dezan
- \$15 — egzamen alekri

Ki fòm peman ou aksepte?

Ou ka peye avèk chèk oswa avèk chèk postal (money order) ki ekri sou non Department of State oswa ou ka peye nenpòt chaj avèk Mastercard oswa Visa, avèk yon fòm otorizasyon pou kat kredi. Pa voye lajan kach.

Nou pa ranbouse frè aplikasyon an. W ap gen pou peye yon chaj \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen.

Deklarasyon sou Sipò Timoun

Yon Deklarasyon konsènan Sipò Timoun obligatwa nan Eta New York (Lwa sou Obligasyon Jeneral) kit ou gen pitit kit ou pa genyen, oswa kit ou gen nenpòt obligasyon pou peye sipò kit ou pa genyen. **Si yon moun dwe kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere peman nan sipò timoun, nou ka sispann lisans biznis, lisans pwofesyonèl ak lisans chofè moun sa a.** Si ou fè espere pou bay yon fo deklarasyon alekri pou twonpe oswa dekouraje egzekisyon legal obligasyon pou peye sipò, ou ka tonbe anba pinisyon dapre §175.35 Lwa Penal. Si ou bay yon fo dokiman pou mete nan dosye ou nan yon ajans gouvènman leta oswa lokal avèk

entansyon pou fè fwod, ou fè yon zak (deli) klas E.

Ki kote mwen kapab jwenn nimewo lisans biwo mwen mande sou aplikasyon an?

Ou kapab jwenn nimewo nou bay pou biwo prensipal la oswa pou biwo sikisal lan nan men koutye ou. Ou kapab jwenn li tou sou sitwèb Depatman an. Li enpòtan pou nou travay sou aplikasyon ou ranpli a nan nimewo lisans biwo a epitou pou endike si adrès se biwo prensipal la oswa biwo sikisal lan. Tanpri sonje yon nimewo lisans se menm bagay avèk yon nimewo idantite yon sèl moun sou Latè kapab genyen.

Enfòmasyon sou Sèvis sou Entènèt

Èske mwen kapab aplike pou yon lisans vandè sou entènèt? Moun ki aplike pou yon lisans vandè pou premye fwa paske yo te pran yon egzamen pou lisans, ka aplike pou yon lisans vandè sou entènèt. Si ou pa t janm enskri pou pran yon egzamen, premye etap la se kreye yon kont nan adrès sitwèb sa a <https://dos.ny.gov>. Depi ou antre nan sistèm nan, ou ta dwe aplike pou pran egzamen vandè ou chwazi a. Lè ou pase egzamen leta a, ou ka konekte nan kont ou te kreye a epi ou kapab ranpli fòm aplikasyon vandè ou sou entènèt.

Ki kalifikasyon k ap egzije pou mwen soumèt yon aplikasyon vandè nan biwo nou olye mwen aplike sou entènèt?

Si ou aplike dapre resipwosite, kondisyon avoka, pou mande yon lòt lisans vandè oswa si ou te gen lisans, anvan, ou dwe soumèt aplikasyon ou nan biwo distribisyon Lisans lan pou yo travay sou li. Si ou te patisipe nan yon edikasyon deyò Eta New York epitou si ou te resevwa yon egzansyon nan edikasyon, ou dwe pase egzamen leta a epitou ou dwe soumèt aplikasyon ou ba biwo distribisyon Lisans pou yo travay sou li.

Ki etap ki nesesè pou mwen aplike pou yon lisans vandè sou entènèt?

- Etap 1: Konekte nan kont ou te kreye a.
- Etap 2: Antre enfòmasyon ki obligatwa yo.
- Etap 3: Make nimewo ID inik yo pou kapab chwazi koutye ki esponsò ou an

Aplikasyon an ap rete nan bwat koutye sipò ou jouk lè koutye a apwouve aplikasyon ou kòm yon nouvo anplwaye.

Lè koutye a apwouve ou, biwo Distribisyon ap kreye lisans ou nan semèn nan epi n ap voye li nan adrès biwo ki endike sou aplikasyon ou.

Pou kisa mwen bezwen bay yon adrès imèl sou aplikasyon an?

Pou ou kapab fè tranzaksyon yo sou entènèt, ou dwe bay dènye adrès imèl ou nan pòsyon anlè paj 4 aplikasyon an. Biwo nou ap itilize adrès imèl ou pou kreye kont ou sou entènèt. Si ou te deja kreye yon kont depi ou enskri pou pran egzamen leta a, li enpòtan pou ou itilize menm adrès imèl la. Si ou chanje adrès imèl ou pidevan, ou dwe konekte nan kont ou pou chanje li avèk nouvo adrès imèl yo.

Si ou soumèt aplikasyon ou nan biwo nou, ou ta dwe endike si adrès imèl ou te chanje depi lè ou te pran egzamen an.

Kisa ID Itilizatè mwen ye pou sistèm byen imobilye sou entènèt epi kijan pou mwen chanje enfòmasyon sou kont mwen sou entènèt?

Adrès imèl yon moun ki gen lisans se ID Itilizatè a pou chak kont li gen sou entènèt nan sistèm byen imobilye sou entènèt. Chak ID Itilizatè fèt pou inik. Poutèt sa, ou p ap kapab divilge yon adrès imèl ba yon lòt moun ki nan sistèm nan. Si ou potko kreye yon kont, n ap imèl modpas ou ba ou lè biwo nou apwouve aplikasyon ou. W ap itilize ID Itilizatè (adrès imèl) ou, ansanm avèk modpas pwovizwa nou ba ou a, pou jwenn aksè nan kont ou sou entènèt epi pou chanje modpas ou.

Èske yon koutye mwen pa travay pou li ankò dwe revoke mwen?

Wi, dapre lalwa, koutye yo gen obligasyon pou revoke tout vandè ki p ap travay pou yo ankò. Se koutye a ki dwe fè tout revokasyon yo nan sistèm byen imobilye a sou entènèt. Koutye prensipal pou vandè a dwe konekte nan kont byen imobilye pèsònèl li sou entènèt pou li fè tranzaksyon an.

Lè mwen resevwa lisans lan, kijan pou mwen chanje asosyasyon mwen chwazi yon lòt koutye?

Tout chanjman asosyasyon dwe fèt nan sistèm sou entènèt la. Si ou t ap travay pou yon lòt konpayi anvan, premye etap la se pou asire koutye anvan an te deja revoke w. Lè li fè revokasyon an, nouvo koutye reprezantan ou ta dwe konekte nan kont byen imobilye pèsònèl ou sou entènèt epitou li dwe fè tranzaksyon apwopriye a sou entènèt pou li asosye ou avèk konpayi li. Nouvo koutye ou ap bezwen nimewo lisans ou pou li kapab fè tranzaksyon an.

Ki tranzaksyon ak enfòmasyon ki disponib sou entènèt pou vandè yo?

- Ranpli premye aplikasyon Vandè a
- Chanje adrès kay la
- Renouvle lisans lan
- Mande kopi dokiman lisans lan
- Rezilta egzamen yo
- Sitiyasyon aplikasyon an
- Sitiyasyon lisans lan

Pou jwenn plis enfòmasyon ki gen pou wè ak aplikasyon ki baze sou sitwèb Distribisyon Lisans lan, tanpri ale nan seksyon Kesyon Moun Poze Souvan nou sou sitwèb nou nan <https://dos.ny.gov>.

AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE

Èske mwen dwe bay nimewo Sekirite Sosyal mwen ak nimewo ID Federal mwen sou aplikasyon an?

Wi, si ou gen yon nimewo Sekirite Sosyal oswa yon nimewo ID federal, ou oblije pou bay nimewo sa a. Si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID federal, tanpri bay yon eksplikasyon alekri.

Depatman Deta gen obligasyon pou pran nimewo federal Sekirite Sosyal ak nimewo federal Idantifikasyon Anplwayè tout moun ki gen lisans yo. Otorizasyon pou mande ak konsève enfòmasyon pèsònèl yo endike nan §5 Lwa Fiskal ak §3-503 Lwa Obligasyon Jeneral. Ou oblije bay enfòmasyon yo. Nou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan deklarasyon taks sou revni yo oswa ki te ka pa estime obligasyon fiskal yo ase epi anjeneral pou idantifye moun taks afekte ki anba kontwòl Manm Komisyon Taksasyon ak Finans. N ap itilize pou objektif administrasyon fiskal ak nenpòt lòt objektif Lwa Fiskal otorize epi ajans ranfòsman sipò timoun oswa reprezantan otorize ajans sa a oswa lòt eta dapre Tit IV-D Lwa sou Sekirite Sosyal ka itilize enfòmasyon to pou detèmine, modifye oswa egzekite yon lòd sipò, men enfòmasyon yo p ap disponib pou piblik la. Si ou pa bay nimewo a ou fèt pou bay yon eksplikasyon alekri pou sa. Direktè Administrasyon ak Jesyon ap konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Enfòmasyon Livrezon Lisans nan adrès One Commerce Plaza, 99 Washington Avenue, Albany, NY 12231-0001.

ÈSKE OU TA RENMEN ENSKRI POU W KA VOTE?

Tanpri ale sou sitwèb Komite Eleksyon Eta New York (NY State Board of Elections) la nan www.elections.ny.gov/votingregister.html Oswa rele **1-800-FOR-VOTE** pou mande yon fòm Enskripsyon pou Vote nan Eta New York (NYS Voter Registration form).

Pou enskri sou entènèt la, tanpri ale sou www.ny.gov/services/register-vote.

(For Office Use Only)

(For Revenue Use Only)

License Number

Eff. Date: _____



Division of Licensing Services

New York State
Department of State
Division of Licensing Services
P.O. Box 22001
Albany, NY 12201-2001
Sèvis Kliyantèl: (518) 474-4429
<https://dos.ny.gov>

Aplikasyon pou Vandè Byen Imobilye

CHAJ \$65

Si ou pa bay tout repons ki obligatwa yo, n ap retounen voye tounen aplikasyon ou.

Mwen aplike dapre kalifikasyon ki endike anba la a * (mete yon sèl X):

- Avoka yo Admèt nan Bawo Eta New York
- Lisans Vandè Adisyonèl
- Eta ki siyen akò respwòk la _____ *epi mwen te gen yon sètifika ki valab (ki date nan limit 6 mwa ki sot pase yo oplita) nan Komisyon Byen Imobilye kote mwen te resevwa lisans mwen.*
- Te gen Lisans avan
- Edikasyon Kalifye DOS Apwouve

Tanpri TAPE oswa EKRI an LÈT DETACHE tout repons yo avèk plis

ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

* Repons yo Obligatwa

Non Moun ki Aplike a *	Prenon *	Dezyèm Non	Tit
<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>

Adrès Kay – Nimewo ak Ri (Adrès fizik obligatwa) *	Nimewo Apatman
<input type="text"/>	<input type="text"/>

Vil *	Eta *	Kòd Postal + 4 *	Konte *
<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL * <i>Moun ki Aplike a (Gade Avi sou Konfidansyalite Enfòmasyon Prive)</i>	DAT Moun ki Aplike a FÈT *
<input type="text"/>	<input type="text"/>

Nimewo Telefòn Moun ki Aplike a *	ADRÈS IMÈL Moun ki Aplike a *
<input type="text"/>	<input type="text"/>

Nimewo **ID DMV Eta New York** * nèf chif Moun ki Aplike a
 Nòt: Moun ki p ap viv nan Eta New York gade "Lis Tout Sa Ki Obligatwa" →

Si ou te gen oswa si ou gen yo lisans byen imobilye Eta New York
 yo te ba ou nan Eta New York, tanpri antre Nimewo UID/Lisans lan. * →

ENFÒMASYON SOU BIZNIS LAN

* Repons Obligatwa

Non Biznis lan * *(Egzakteman jan li parèt sou lisans koutye sipò a)*

Nimewo Lisans Biwo/ID Inik	
PR 1099	<input type="text"/>
BO 1039	<input type="text"/>

Adrès Biznis lan - Nimewo ak Rit
 (Adrès fizik kote w ap estasyon an pèmanans lan obligatwa) *

Nimewo Telefòn Lajounen

Vil *	Eta *	Kòd Postal + 4 *	Konte *
<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>	<input type="text"/>

Aplikasyon pou Vandè Byen Imobilye

* Repons yo obligatwa

Deklarasyon Asosyasyon — Mwen sipòte aplikasyon sa a dapre Lwa sou Byen Imobilye, §441.1(d).

Nimewo Lisans/ID Inik Koutye a

Non Koutye a an Lèt Detache

Siyati Koutye a _____

Dat _____

1. Èske lajistis te janm kondane ou pou yon krim ki se yon deli oswa yon ti zak?*

WI **NON**



SI OU REPONN “WI”, ou dwe soumèt yon eksplikasyon alekri epitou ou dwe bay yon kopi dosye tribinal ki detaye akizasyon yo pou zak la ak fason afè a te rezoud. Si ou te resevwa yon Sètifika Egzonasyon akòz Andikap, Sètifika Bon Konpòtman oswa Padon Egzekitif, ou dwe soumèt yon kopi ansanm avèk aplikasyon sa a.

2. Èske gen nenpòt akizasyon kriminel (deli oswa krim) ki pandye sou tèt ou nan nenpòt tribinal? *

WI **NON**



SI OU REPONN “WI”, ou dwe bay yon eksplikasyon alekri epitou ou dwe bay yon kopi dosye tribinal la ki bay detay sou akizasyon yo pou zak la.

3. Èske yo nenpòt lisans oswa pèmi yo te ba ou oswa yon konpayi kote ou se oswa te yon prezidan te anile, sispann oswa refize?*

WI **NON**



SI OU REPONN “WI”, ou dwe bay tout dokiman enpòtan yo, ansanm ak detèminasyon ajans lan, si genyen.

Deklarasyon sou Sipò Timoun

Depi mwen siyen aplikasyon sa a, mwen konfime apati dat ki nan aplikasyon sa a, mwen pa gen okenn obligasyon pou peye sipò timoun **OSWA** si mwen gen yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa an reta kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere nan peman sipò timoun, oswa m ap fè peman avèk egzekisyon sou revni oswa dapre plan peman oswa plan re-peman tribinal egzijè oswa dapre plan toulède moun ki konsène yo dakò oswa obligasyon mwen pou peye sipò timoun ka depannde yon pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd leta oswa revni sekirite sipleman.

Konfimasyon Moun ki Aplike a— Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, deklarasyon mwen fè yo nan aplikasyon sa a se deklarasyon ki vrè ak kòrèk. Answit, mwen konfime mwen li epi konprann dispozisyon Tit 12-A Lwa Jeneral sou Byen Imobilye ak règ ak règleman yo pibliye annapre.

Si ou se yon Vandè Byen Imobilye Eta New York nan moman an epi si ou soumèt aplikasyon sa a pou yon **lòt** lisans Vandè Byen Imobilye, depi ou siyen aplikasyon sa a ou konfime tout koutye ki esponsò ou yo te bay konsantman yo.

Answit, mwen bay Depatman-Deta Eta New York ak Depatman Veyikil-a-Motè Eta New York otorizasyon pou fè yon kat ID ki gen foto DMV mwen sou li. Mwen konprann DOS ak DMV pral itilize foto DMV mwen pou yo pwodui tout Kat ID annapre yo pandan tout tan mwen konsève lisans mwen avèk Depatman-Deta epitou mwen rekonèt mwen ka anile konsantman mwen pou yo itilize foto DMV mwen depi mwen soumèt yon demann alekri ba Depatman Deta.

*Non Moun ki Aplike a an Lèt Detache **

Siyati Moun ki Aplike a*

Dat

Edikasyon

Moun ki aplike a dwe patisipe nan 75 èdtan edikasyon admisib Depatman Deta/Divizyon Sèvis Distribisyon Lisans apwouve sou fòm:

Klas pou vandè pandan 75 èdtan **OSWA**

Klas pou vandè pandan 45 èdtan (li te patisipe anvan 1ye jiyè 2008) ak 30 èdtan klas ratrapaj.

Klas pou vandè 75 èdtan ak klas ratrapaj 30 èdtan an valid sèlman pou 8 ane epi ou dwe itilize li pou jwenn yon lisans oswa li pral ekspire epi ou sipoze rebran li.

Yon nenpòt nan klas sa yo aplike pou yon lisans, yo pa pral ekspire epi ou ka itilize yo pou mizajou.

Sètifika Klas sou Lavant - Ranpli seksyon sa a sèlman si ou pa lisansye kòm yon vandè nan moman an

Sètifika Patisipasyon avèk Satisfaksyon - Klas pou Vandè pandan 75 Èdtan oswa Klas pou Vandè pandan 45 Èdtan	
Se kowòdonatè lekòl la ki dwe ranpli seksyon sa a OSWA ou ka soumèt yon kopi sètifika (yo) kou ou.	
Non Lekòl la	<input type="text"/>
Sa a sètifye	<input type="text"/> te patisipe avèk satisfaksyon nan klas vandè Byen
Imobilye pandan 75 èdtan (Kòd) #F -	<input type="text"/> oswa klas vandè pandan 45 èdtan #S- <input type="text"/>
Mwen te patisipe nan klas sa a nan dat	<input type="text"/>
Siyati Kowòdonatè Lekòl	_____ laDat la _____

Sètifika Klas Ratrapaj sou Lavant

Sètifika Patisipasyon avèk Satisfaksyon – 30 èdtan Klas Ratrapaj Vandè	
Se kowòdonatè lekòl la ki dwe ranpli seksyon sa a OSWA ou ka soumèt yon kopi sètifika kou ou.	
Non Lekòl la	<input type="text"/>
Sa a sètifye	<input type="text"/> te patisipe avèk satisfaksyon nan yon klas ratrapaj
admisib pandan 30 èdtan (Kòd) #R -	<input type="text"/>
Mwen te patisipe nan kou sa a nan dat	<input type="text"/>
Siyati Kowòdonatè Lekòl	_____ laDat la _____
(Ou ta dwe ranpli seksyon sa a sèlman si ou te pran Klas pou Vandè a pandan 45 èdtan anvan 1ye jiyè 2008).	

Si ou te resevwa yon Egzanpsyon pou Klas la nan Nòm Edikasyon nan Depatman Deta, tanpri soumèt yon kopi ansanm avèk aplikasyon sa a.

YON APLIKASYON OU RANPLI DWE GEN LADAN:
(Itilize lis sa a ki gen tout sa pou bay la pou asire ou mete/konplete tout egzijans yo.)

**Ou dwe bay tout *repons ki obligatwa yo.
Si ou pa bay tout repons ki obligatwa yo, n ap retounen aplikasyon ou.**

Paj 4

Ou dwe tcheke youn nan senk (5) chwa yo pou seksyon "*Mwen aplike dapre kalifikasyon ki endike anba la.*"

Enfòmasyon sou Moun ki Aplike:

- Bay repons ki obligatwa yo pou "Enfòmasyon sou Moun ki Aplike a" (*). Ou dwe ranpli seksyon sa a. Si ou pa bay repons ki obligatwa yo, n ap retounen aplikasyon ou.

Moun ki p ap viv nan Eta New York:

- Si ou gen yon adrès kay deyò Vil New York, epi si ou pa posede yon nimewo ID DMV Eta New York, ou dwe antre nèf (9) zewo pou nimewo ID DMV ou nan espas vid anba a ou jwenn nan epitou ou dwe ajoute yon kopi ID aklè ki gen foto ou resevwa nan gouvènman an (pa egzanzp, lisans chofè lòt eta oswa ID ki pa lisans chofè, Paspò Etazini, Kat Paspò Etazini, elatriye).

Enfòmasyon sou Biznis lan:

- Bay (*) repons ki obligatwa yo sou "**Non Biznis lan**". Ekri non biznis lan an lèt detache epi aklè egzakteman jan li parèt sou lisans koutye sipò ou.
- Mete "**Adrès Biznis lan**": Tout moun ki aplike yo DWE ba yon adrès biznis kote moun ki aplike a pral estasyon an pèmanans.
- Ranpli seksyon "**Nimewo lisans Biwo/ID Inik**" epi endike si se yon biwo Prensipal oswa yon biwo Sikisal. Si adrès la se biwo prensipal, koutye sipò ou kapab bay nimewo sa a. Si adrès la se Biwo Branch, ou ka jwenn nimewo lisans lan nan lisans lan. Nan nenpòt ka, ou ka ale nan paj sitwèb Distribisyon Lisans lan pou jwenn nimewo lisans ki asosye avèk adrès la.

Paj 5

Deklarasyon Asosyasyon an:

- Koutye ki esponsò ou dwe ranpli seksyon sa a.

Si ou te reponn WI pou kesyon 1, 2 oswa 3:

- Kesyon #1 – dokiman tribinal ou **DWE** soumèt: Yon kopi sètifika desizyon tribinal la **AK** yon kopi dokiman akizasyon an * ki soti nan tribinal la.
- Kesyon #2 – dokiman tribinal ou **DWE** soumèt: Yon dokiman akizasyon an * ki soti nan tribinal la **AK** avi (yo) ranvwa a ki endike lòt dat (yo) tribinal la bay pou ale nan tribinal la.
- Kesyon #3- ou dwe bay tout dokiman enpòtan yo, ansanm ak desizyon ajans lan, (si genyen).

** Yon dokiman akizasyon se yon dokiman pwokirè yo ak tribinal kriminel yo itilize pou akize oswa pouswiv yon moun yo akize pou yon zak ak detay enfòmasyon ak sikonstans ki gen pou wè ak zak la (yo). Sa kapab yon Prezantasyon Akizasyon, Enfòmasyon Tribinal Siperyè, Plent Kriminèl, elatriye.*

Deklarasyon konsènan Sipò Timoun: Tanpri li

Konfimasyon Moun ki Aplike a: Tanpri ekri non ou ak lèt detache, siyen non ou epi date aplikasyon an.

Paj 6

Edikasyon: Kowòdonatè Lekòl la dwe ranpli seksyon sa yo (sof si w ap aplike pou yon lòt lisans vandè, lisans ekivalan vandè oswa sof si ou se yon avoka yo admèt nan Asosyasyon Bawo Eta New York) **OSWA** ou ka soumèt kèk kopi sètifika kou ou yo.

Frè Aplikasyon: **\$65.00** dola ou dwe peye Depatman Deta Eta New York.